

Sijè: Konsèy Jistis Anviwònman an – Reyinyon an pèsòn ak yon opsyon vityèl – nan dat 9 janvye 2025

Chè aktè ki gen enterè nan jistis anviwònman an,

Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman (EEA) ap konvoke Konsèy Jistis Anviwònman an (EJC) pou pwochen reyinyon li an Jedi k ap 9 janvye 2025 a 6:30 pm. Manm Konsèy yo pral fè yon deba sou ResilientCoast ak enèji idwoelektrik grasa Low Impact Hydropower Institute. Yo pral bay yon ti tan pandan reyinyon an pou kòmantè jeneral piblik la.

Tanpri enskri pou reyinyon an sèvi avèk lyen sa a:

https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN_AnO1_tpmRDSggAAKu5gslg

Lojistik yo. Reyinyon ibrid sa a pral òganize de fason sou Zoom ak an pèsòn nan Lowell, MA, nan University of Massachusetts, Lowell, nan Coburn Hall. Yo estime reyinyon an ap dire 90 minit. Adrès la se 850 Broadway St, Lowell, MA, 01854 epi bilding lan aksesib sèvi avèk liy otobis 17, 5, ak 6. Lokal la aksesib tou atravè estasyon MBTA Lowell Line Commuter Rail. Estasyon otobis ki pi pre a se nan Broadway St ak Walker St. Gen pakin ki disponib nan pakin vizitè a.

Sipò entèpretasyon. Yo pral bay sèvis entèpretasyon an pèsòn nan lang Espanyòl, Pòtigè, Vyetnamyen, ak Khmer. Entèpretasyon Vityèl la pral gen ladan Espanyòl, Pòtigè, Mandarin, Vyetnamyen, Kreyòl Ayisyen, Kreyòl Cape Verde, Khmer, ak Lang siy Ameriken (ASL). Si w bezwen sèvis entèpretasyon nan yon lang ki pa endike anwo a, oswa nenpòt lòt aranjman, tanpri mete demann sa a nan yon imèl voye l bay meetings@erg.com. Yo dwe voye demann yo 48 èdtan anvan lè reyinyon an kòmanse.

Pou w ka jwenn enfòmasyon sa yo an gwo lèt oswa an bray, rele nan 1-877-623-6765. TTY: 1877-623-7773.

Konsèy EJ a fonksyone dapre Lwa pou Reyinyon Piblik [<https://www.mass.gov/the-open-meeting-law>] epi li akeyi manm piblik ki vle obsève reyinyon fòmèl li yo. Pandan reyinyon an, yon obsèvatè ka adrese yon kòmantè oswa yon kesyon bay Konsèy EJ a avèk pèmisyon Prezidan an. Si w bezwen entèpretasyon nan yon lang ki pa endike anwo a, oswa nenpòt lòt aranjman, tanpri mete demann sa a nan yon imèl bay meetings@erg.com. Demann yo dwe soumèt 48 èdtan anvan lè reyinyon yo kòmanse.

PLIS ENFÒMASYON KONSEÑAN KONSEY EJ A:

Gouvènè a te nonmen EJC pou konseye ak bay Sekretè EEA rekòmandasyon sou politik ak estanda ki enpòtan pou reyalize prensip jistis anviwònman an. Prensip sa yo defini nan lwa eta a kòm "prensip ki sipòte pwoteksyon kont polisyon anviwònman an ak kapasite pou viv ak jwi yon anviwònman pwòp e ki an sante, kèlkeswa ras, koulè, revni, klas, andikap, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, orijin, etnisite oswa zansèt, kwayans reliye oswa konpetans nan lang anglè, ki gen ladann: (i) patisipasyon siyifikatif tout moun ki gen rapò ak devlopman, aplikasyon ak ranfòsman lwa, règleman ak politik anviwònman, ki gen ladan politik chanjman klimatik; epi (ii) distribisyon ekitab enèji ak benefis anviwònman an ak difikilte onivo anviwònman." Lwa a endike

nan Seksyon 62L nan lyen sa a:
[\[https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8 \]](https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou EJC, ajanda pwochen reyinyon yo, ak anrejistreman reyinyon ki sot pase yo isit la: [\[https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council \]](https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council). Tanpri klike sou "Chwazi Lang" anlè sou bò wat paj wèb la pou tradui paj la.

Mèsi,

María Belén Power
Sou-Sekretè Jistik ak Ekite Anviwònmantal
Biwo Egzekitif Afè Enèjetik ak Anviwònmantal